



Pou Piblikasyon Imedya: 10/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KATRIYÈM ANE KONPETISYON JÈN KONPAYI KI GEN RENONMEN MONDYAL 43NORTH LA

*Konpetisyon \$5 Milyon pou Antreprenè yo Devlope Biznis yo nan Buffalo*

*N ap aksepte Aplikasyon Kounye a Jiska 24 Me 2017*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo ap aksepte aplikasyon pou katriyèm ane konpetisyon [43North](#) la. Konpetisyon \$5 milyon sa a atire antreprenè yo ki soti toupatou nan mond lan pou yo antre an konpetisyon pou yo resevwa pri ki pral transfòme konpayi ki fenk ap parèt ki gen potansyèl kwasans elve pou yo vin tounen konpayi ki byen finanse la nan Buffalo.

“43North te atire kèk nan antreprenè ki pi inovatè ki soti toupatou nan mond lan yo, epi ane sa a, konpetisyon \$5 milyon pral envite ankò konpayi ki fenk ap parèt ki gen kalib mondyal yo pou yo vin devlope konpayi yo a yo nan sektè teknoloji k ap devlope rapid nan Buffalo a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Avèk lansman katriyèm tou a, 43North pral kontinye atire ide inovatè ak biznis 21èm syèk yo pou yo vin nan rejyon an, pandan l ap sipòte inovasyon ak kreyasyon djòb atravè tout Rejyon Lwès New York la.”

“43North te bay Buffalo renonmen pou antreprenarya epi l ap plante rasin pou pwochen gran konpayi Buffalo a yo,” **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di.** “Le nou mete sou pye pwojè pyonyè tankou 43North la yo, inisyativ inovatè Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a sipòte yo, sa ap ede estimile renesans Rejyon Lwès New York la.”

Ane sa a, 43North te chanje estrikti prim li yo lè yo te ogmante pri dezyèm ak twazyèm plas li yo. Prim 43North 2017 la pral gen ladan yo:

- Yon gran pri \$1 milyon
- Yon pri \$650,000 pou premye finalis la
- Yon pri \$550,000 pou dezyèm finalis la
- Senk pri \$500,000
- Yo pral ofri youn nan gayan 2017 yo \$300,000 nan fon konplemantè nan fen ane 2018 la.

Konpetisyon an fè pati inisyativ inovatè Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a, ki se yon investisman istorik \$1 milya pou devlope ekonomi Buffalo a. Pandan twa premye ane konpetisyon an yo, 43North te kouwone 29 konpayi gayan ki fenk ap parèt ki soti atravè Amerik Dinò a ak konpayi ki pi lwen tankou Taiwan ak Izrayèl.

Gayan yo dakò pou yo mete biznis yo nan Buffalo pou yon minimòm 12 mwa kòmanse apati Janvye 2018 epi y ap founi 5% ekite bay 43North. Pou w wè règleman ak kondisyon aplikasyon 43North 2017 la, [klike isit la](#).

Anplis de pri lajan kach yo, gayan 43North yo ap resevwa espas enkibatè gratis, y ap patisipe nan pwogram ankadreman agrandi avèk pwòp Konseye nasyonal pèsonealize yo, ekspozisyon piblisite, ak aksè a pwogram START-UP NY la, ki ap pèmèt konpayi yo fonksyone san peye taks Eta New York yo pandan yo peryòd 10 zan.

Menm jan ak ane ki te pase yo, konpetisyon an gen plizyè etap:

- **1e Tou (10 Mas – 24 Me 2017)** Y ap aksepte aplikasyon alekri atravè [sitwèb](#) konpetisyon an. Objektif 1e tou a se pou aplikan yo prezante vizyon pwojè yo a, ki gen ladan konsèp biznis yo a, ekip yo genyen, kliyan yo sible yo, apès sou endistri a, kontèks konkiransyèl ak revni potansyèl yo.
- **Demi final yo (Ete 2017)** Demi finalis yo pral prezante an dirèk devan yon ekip jij atravè videyokonferans.
- **Final yo (Oktòb 2017)** Ekip finalis yo pral prezante biznis yo an pèsòn devan yon panèl jij nan Buffalo. Konpetisyon an ap fini avèk yon selebrasyon pou 8 gayan yo chwazi yo.

43North ouvè pou aplikan ki gen laj 18 an ak plis ki nan nenpòt endistri, eksepte endistri komès andetay ak ospitalite. Yo pral aksepte aplikasyon pou konpetisyon an jiska dat 24 Me 2017 a 11:59 è p.m. ET sou [43north.org](#). Menm jan ak ane ki te pase yo, pral gen yon frè aplikasyon \$100, avèk yon frè \$50 pou konpayi ki enskri bonè yo lè yo soumèt aplikasyon yo avan 12 Avril.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou gayan ane 2014, 2015, 2016 la yo, klike [isit la](#).

**Prezidan Konsèy 43North la, Bill Maggio te di,** “Nan konpetisyon ane pase a, 43North te konsantre l sèlman sou atire bi bon jan kalite aplikan yo, olye de pi gran kantite. Ane sa a nou ap double estrateji sa a ankò, sa k ap rafine pòte nou pi lwen toujou pou nou jwenn konpayi ki fenk ap parèt ki trè pwometè ki nan meyè pozisyon pou yo benefisye de tout sa Buffalo gen pou l ofri yo. Mwen atann pou mwen wè kalib konpayi k ap antre nan konpetisyon 43North 2017 la yo.”

**Direktè Jeneral 43North la, John T. Gavigan te di,** “Pri lajan kach \$500,000 rive \$1 million 43North la yo ka vrèman chanje règ jwèt la pou konpayi ki fenk ap parèt yo. Men sa se jis kòmansman sa gayan nou yo resevwa. Yo pral gen aksè a espas enkibatè gratis, egzansyon taks, ekspozisyon piblisite ak plis òf ankadreman, ki aksante avèk nouvo pwogram Konseyè a, ki ap mete chak konpayi gayan an kontak avèk yon lidè

biznis alechèl nasyonal nan endistri yo a pou gide yo.”

**Prezidan ak PDG NYPA a (New York Power Authority), Gil C. Quiniones te di,** “Nou menm nan New York Power Authority nou fyè pou nou esponsòriz 43North. Inisyativ sa a kontinye rete yon eleman kle nan tranfòmasyon k ap kontinye fèt nan Buffalo a pou l vin tounen yon sant pou antreprenè, inovasyon ak pou devlopman biznis ki rekonèt alechèl global.”

**Prezidan NYPA a, John R. Koelmel te di,** “43North ap trase chemen pou l rann Buffalo vin yon destinasyon atiran pou konpayi antreprenaryal yo non sèlman plante rasin yo, men pou yo fleri la tou. Kounye a nan katriyèm ane sa a, 43North ap kenbe meyè konpayi ki pi briyan k ap vini Buffalo yo epi pwogram lan bay benefisyè yo sipò yo bezwen pou yo reyisi.”

**Majistra Byron Brown te di,** “43North se yon vrè kado pèpetyèl an tèm pwomosyon l ap fè pou Vil nou an sou echèl nasyonal ak entènasyonal. Li pote antreprenè inovatè pou nou tou, sa k ap anrichi anviwonman biznis epi make Buffalo kòm yo bon kote pou mete konpayi ki fenk ap parèt ki gen gran rèv yo. Konpetisyon sa a konplèman plizyè inisyativ administrasyon mwen an yo lè li klere yon limyè espwa sou Buffalo kòm yon bon kote pou devlope biznis avèk siksè.”

**PDG Oncolinx Sourav Sinha te di,** “Prim 43North nou te resevwa ane pase a mete konpayi nou an nan pozisyon pou li gen yon avni solid. Nou ap travay sou devlopman pwochen jenerasyon terapi kansè sible yo pou nou fè vanse rechèch ak tretman pou pasyan atravè lemond antye. Resous ak anviwonman kolaboratif 43North kreye a ap ede nou fè travay enpòtan sa a.”

### **Enfòmasyon sou 43North**

43North se konpetisyon jèn antrepriz \$5 milyon, ki ap bay rekonpans lajan kach bay kèk nan pi bon antreprenè ak jèn antrepriz yo ki soti toupatou nan mond lan. Gayan 43North yo pral resevwa espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, gid ak ankandremman konseye ki nan domèn ki gen rapò a domèn pa yo a, ak aksè a pwogram prim ankourajman yo tankou pwogram START-UP NY la. 43North fonksyone gras a sipò inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Andrew Cuomo a, ak sibvansyon New York Power Authority ak Empire State Development yo. Sipò adisyonèl yo soti nan National Grid ak plizyè lòt esponsò. Pou kapab jwenn yon lis konplè esponsò yo ak plis enfòmasyon sou 43North, vizite [www.43north.org](http://www.43north.org).

###